

2 AF-òtograf

Prezantasyon

Ti zanmi 2^{ème} lane yo, Koman nou ye jodia? se yon ti leson otograf mwen pote pou nou

Objektif leson an

Ekri san fot : mo, fraz, teks

Pati de sa timoun yo dwe konnen oswa ta dwe konnen epi ki ka ede yo

Lang kreyol la fasil pou ekri paske se sa ou tande ou ekri. Depi w konnen son lèt yo ou pap gen pwoblèm.

Leson an

Nou prale aprann ekri kèk mo ki ka itil ou lè w ap ekri. Mo sa yo ka tounen anpil ni nan mo w ap li ni lè w ap ekri pou rakonte istwa



Mwen gen anpil

(jwèt).



Men yon

(balon).



Epi yon ti (pope).



Jodi a nou rete (lakay).



Nou pa _____ (soti)



Nou pa renmen (chita) lakay.



Men se li ki (bon) pou nou.

Fè tankou nou, rete lakay !

Lis mo nou prale eple epi ekri yo se :

mwen gen anpil men yon epi ti Jodi a nou rete pa
renmen lakay men se li ki fè tankou

eple chak grenn mo ansanm ak mwen. Eple vle di bay non chak lèt ki nan mo a nan lòd yo dwe ekri a.
Chak mo w fini eple pwofite ekri li nan kaye w

- · mwen m-w-e-n 2. gen g-e-n
- · anpil a-n-p-i-l 4. men m-e-n
- · yon y-o-n 6. ti t-i
- · epi e-p-i 8. jodi j-o-d-i
- · a a 10. ki k-i
- · nou n-o-u 12. rete r-e-t-e
- · pa p-a 14. men m-e-n
- · lakay l-a-k-a-y 16. renmen r-e-n-m-e-n
- · se s-e 18. li l-i

19. fè f-è

20. tankou t-a-n-k-o-u

Konsolidasyon

Kounye a ou ka ekri chak grenn mo nan kaye w pandan m ap di w yo. Ou pare ? an nou ale

mwen	gen	anpil	men	yon	epi	ti
Jodi	a	nou	rete	pa	renmen	lakay
men	se	li	ki	fè	tankou	


Gade byen si se men m jan yo ekri. Eske lèt yo nan bon lòd pou chak grenn mo. Eske se bon lèt yo ou mete ?

Mwen : m w e n	gen: g- e-n	anpil: a-n-p-il	men: m-e-n	
Yon: y- o-n	epi: e- p-i	ti : t-i	Jodi: j-o-d-i	a: a
Nou: n-o-u	rete: r-e-t-e	pa :p-a	renmen: r-e-n-m-e-n	
Lakay: l-a-k-a-y	men: m-e-n	se: s-e	li: l-i	ki: k-i
Fè: f-è	tankou : t-a-n-k-o-u			

Verifikasyon

Eske ou ka ekri yon ti tèks menm jan ak sa nou te kòmanse travay la. Itilize tout ven mo ou soti aprann ekri a nan tèks ou a. Ou ka senpman kòmanse pa ranplase desen yo pa lòt mo ou konnen ekri déjà.

Si se videyo a w ap gade, sèvi ak ti imaj sa a pou ou ekri tèks ou a. Si w ap koute sèlman sonje klas ou epi dekri li nan kaye w selon modèl la.



Male.